# PAJ TRAVAY DEMANDÈ POU SÈVIS GAD TIMOUN

Fòmilè Eta 57840 (R0 / 01-25)
ADMINISTRASYON SÈVIS FANMI AK SOSYAL
BIWO APRANTISAJ TIMOUN PITI AK AN DEYÒ LEKÒL
PWOGRAM FON GAD AK DEVLÒPMAN TIMOUN (*CHILD CARE AND DEVELOPMENT FUND*) (CCDF) / ON MY WAY PRE-K

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Non demandè a | Nimewo dosye | Dat nesans demandè a *(mwa, jou, ane)* | Nimewo selilè ( ) | Lòt nimewo telefòn kontak ( ) |
| Adrès fizik *(nimewo ak ri, vil, eta ak kòd postal)* | | | Konte | Èske se yon nouvo adrès? ☐ Wi ☐ Non |
| Adrès postal *(si li diferan ak sa ki anwo a) (nimewo ak ri, vil, eta ak kòd postal)* | | | Lang pale prensipalman | Adrès imèl |

## ADILT K AP VIV NAN KAY LA

| | Non, Siyati | Dat Nesans *(mwa, jou, ane)* | Relasyon ak Demandè a | Travay? | Lekòl? | Pi Wo Nivo Skolè Konplete | È Travay oubyen nan Lekòl chak Semèn | Konbyen Jou ou Bezwen Gad chak Semèn *(S, M, Tu, W, Th, F, S)* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| DEMANDÈ | | | TÈT MWEN | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | | | |
| KO-DEMANDÈ | | | | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Wi ☐ Non | | | |

## TIMOUN K AP VIV NAN KAY LA

| Non, Siyati Timoun Nan | Dat Nesans *(mwa, jou, ane)* | Relasyon ak Demandè a | Timoun Sa a Bezwen Gad? | Timoun nan Viv nan Kay la Avèk | Pi Bonè Ou Ka Depoze Li | Pi Ta Ou Ka Chache Li |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Manman ☐ Papa ☐ Lòt | ☐ AM ☐ PM | ☐ AM ☐ PM |
| | | | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Manman ☐ Papa ☐ Lòt | ☐ AM ☐ PM | ☐ AM ☐ PM |
| | | | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Manman ☐ Papa ☐ Lòt | ☐ AM ☐ PM | ☐ AM ☐ PM |
| | | | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Manman ☐ Papa ☐ Lòt | ☐ AM ☐ PM | ☐ AM ☐ PM |
| | | | ☐ Wi ☐ Non | ☐ Manman ☐ Papa ☐ Lòt | ☐ AM ☐ PM | ☐ AM ☐ PM |

## DIVILGASYON REVNI – *Enkli tout revni ou touche*

| Sous Revni a | Montan Chak Mwa | Pou Ki Moun | Verifikasyon Ou Dwe Kole | Sous Revni a | Montan Chak Mwa | Pou Ki Moun | Verifikasyon Ou Dwe Kole |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Sipò Timoun | | | Fòk ou mete montan an, menm si se zewo (0). | Salè | | | Souchèk oubyen chèk ki anile (devan ak dèyè) ak fòmilè detay salè *(si sa aplikab)* |
| Sekirite Sosyal | | | Lèt prim, souchèk, oubyen verifikasyon soti nan men ajans lan | Asistans Lojman | | | Okèn |
| Sekirite Sosyal Siplemantè | | | Lèt prim, souchèk, oubyen verifikasyon soti nan men ajans lan | SNAP | | | Okèn |
| TANF | | | Fòk ou mete montan an, menm si se zewo (0). | Etid Travay Study | | | Okèn |
| Asirans Chomaj | | | Fòk ou mete montan an, menm si se zewo (0). | Lòt | | | Kole dokimantasyon apwopriye |

## REPÒN KESYON ANNAPRE YO.

1. Nan ki distri skolè pitit ou mache?

2. Èske w ap viv nan yon abri pou moun sanzabri oubyen abri pou viktim vyolans domestik? ☐ Wi ☐ Non

3. Èske w ap viv nan machin w, yon pak, oubyen lòt kote piblik? ☐ Wi ☐ Non

4. Èske w ap viv nan yon domisil avèk fanmi ak/oswa zanmi? ☐ Wi ☐ Non

5. Èske genyen nan timoun ki sou aplikasyon sa a ki gen bezwen spesyal? ☐ Wi ☐ Non

Èske ou menm oubyen ko-demandè w aktif nan Militè Ameriken an? ☐ Wi ☐ Non

Èske ou menm oubyen ko-demandè w aktif nan Gad oubyen Rezèv Nasyonal? ☐ Wi ☐ Non

Èske w gen byen ki depase yon (1) milyon dola? ☐ Wi ☐ Non

## DWA AK OBLIGASYON DEMANDÈ

**Mwen konprann swivi yo ki gen rapò ak obligasyon mwen pou mwen verifye elijibilite mwen pou benefis gad timoun:**

- Mwen konprann se responsabilite pa mwen pou mwen founi Biwo Elijibilite a ak enfòmasyon konplè ak presi tankou, men pa limite a, revni ak konpozisyon fanmi mwen. Mwen konprann mwen pral oblije depoze prèv pou enfòmasyon mwen founi yo.
- Mwen konprann yo kapab mande mwen verifye deklarasyon sa yo epi bay ajans kote m ap mande sèvis nan men yo a konsantman mwen, pou fè kèlkeswa kontak nesesè epi verifye deklarasyon.
- Mwen konprann gad timoun sibvansyone p ap tanmen jiskaske tout fòmilè yo ranpli epi mwen resevwa avi alekri soti nan men Biwo Elijibilite a oubyen reprezantan yo a.
- Mwen konprann mwen dwe rapòte devan Biwo Elijibilite a lè bezwen mwen pou sèvis fini, estati TANF mwen chanje, konpozisyon fanmi mwen chanje, mwen demenaje ale nan yon lòt eta, mwen akeri yon nouvo nimewo telefòn, mwen ki byen an total ki depase yon (1) milyon dola, oubyen mwen gen yon chanjman nan revni ki depase 85% nan revni mwayen Eta a (SMI), nan lespas dis (10) jou sou kalandriye depi chanjman an epi bay dokimantasyon sipò, si sa nesesè.
- Mwen konprann yo kapab mande mwen kopere avèk pèsonèl eta ak/oswa federal nan nenpòt envestigasyon. Anplis de sa mwen konprann si mwen neglije kopere, sa kapab lakòz tèminasyon nan pwogram nan.

**Mwen konprann swivi yo konsènan founisè gad timoun mwen an:**

- Mwen konprann mwen dwe mande chanjman nan founisè avèk yon Paj Enfòmasyon Founisè konplè ak aktyèl bay Biwo Elijibilite a pa pita pase midi nan jou anvan dènye jou ouvrab nan semèn nan. Mwen konprann mwen pa kapab chanjman founisè jiskaske koupon yo mete ajou.
- Mwen konprann chwa gadyen an se pa chwa mwen an sèlman, se responsabilite mwen an li ye tou.
- Mwen konprann se responsabilite pa mwen pou mwen rapòte kèlkeswa ka abi ak neglijans timoun ki sispèk kote otorite apwopriye yo epi lòt moun genyen menm responsabilite a konsènan pitit mwen (yo).
- Mwen konprann ranbousman pou gad pitit mwen pral fèt dirèkteman bay founisè a, sòf si yo okipe andedan lakay mwen pa yon non-rezidan, epi nan ka sa yo peman pral fèt dirèkteman ban mwen. Se responsabilite pa mwen pou mwen ranbouse founisè a pou sèvis li rann osi byen ke kèlkeswa ko-peman. Epi tou mwen konprann se responsabilite pa mwen pou mwen kenbe epi fè tout peman bay Sèvis Revni Entènèl la (IRS) ki aplikab pou founisè gad timoun mwen an ak pou rapòtaj fen ane a bay IRS la.
- Mwen konprann founisè mwen an dwe okipe pitit mwen nan adrès ki parèt sou koupon an.
- Mwen konprann paran, bo-paran oubyen responsab legal p ap touche kòm gadyen pou pwòp pitit pa yo.
- Mwen konprann si mwen neglije fè nenpòt ko-peman pou gad timoun sa kapab lakòz yo tèmine fanmi mwen nan asistans finansman sila a.
- Mwen konprann yo atann pitit mwen pral asiste gad timoun tan konplè epi pitit mwen resevwa karant-senk (45) jou absans pou chak ane anwòlman pou sèvi si li malad, an vakans, oubyen gen yon ijans epi yo pa ka ale. Mwen konprann yo pral toujou peye founisè gad timoun mwen an pou jou sa yo.

**Mwen konprann dwa mwen yo nan resevwa benefis gad timoun atravè pwogram CCDF/On My Way Pre-K a:**

- Mwen konprann enfòmasyon konsènan fanmi mwen konsènan pwogram koupon CCDF/On My Way Pre-K a, ak sèvis mwen resevwa yo, pral trete kòm konfidansyèl epi yo pral sèvi inikman pou administrasyon pwogram koupon CCDF/On My Way Pre-K a.
- Mwen konprann dwa mwen pou mwen depoze yon plent alekri.
- Mwen konprann mwen kapab mande apèl alekri si mwen pa dakò avèk yon aksyon ki pran konsènan elijibilite mwen pou CCDF/On My Way Pre-K.

**Mwen konprann yo <u>kapab petèt</u> koupe benefis gad timoun mwen pou nenpòt nan rezon annapre yo:**

- Neglije repòn demann pou plis enfòmasyon ki gen rapò ak detèminasyon elijibilite soti nan Biwo Aprantisaj Timoun Piti ak An Deyò Lekòl la oubyen ajan li yo pandan delè obligatwa a.
- Neglije peye ko-peman mwen dwe chak semèn nan, si sa rapòte nan lespas trant (30) jou depi premye peman rate a.
- Neglije konplètman ranbouse founisè CCDF/On My Way Pre-K andedan lakay ki elijib la (nanny).
- Neglije rete okouran ak tout akò ranbousman ki egziste ki detèmine pa Biwo Aprantisaj Timoun Piti ak An Deyò Lekòl la.
- Neglije chwazi yon founisè ki elijib pou pwogram CCDF/On My Way Pre-K a.

**Mwen konprann <u>yo pral</u> koupe benefis gad timoun mwen pou nenpòt nan rezon annapre yo:**

- Twòp absans san eksplikasyon.
- Chanjman nan domisil andeyò Eta a.
- Fwòd oubyen vyolasyon pwogram entansyonèl ki pwouve.
- Neglije bay enfòmasyon konplete nan moman otorizasyon oubyen mizajou.
- Revni lakay mwen pa satisfè kritè elijibilite finansye pou pwogram CCDF/On My Way Pre-K a.
- Lakay mwen pa satisfè egzijans pou nesesite sèvis pou pwogram CCDF/On My Way Pre-K a.
- Ko-peman depase sibvansyon total pou chak semèn.
- Neglije chwazi yon founisè ki elijib pou pwogram CCDF/On My Way Pre-K a.
- Mwen konprann koupon pitit mwen (yo) pral koupe yon fwa yo akimile karant-senk (45) jou absan. Si yo koupe koupon pitit mwen (yo) pou twòp absans, mwen konprann mwen oblije tann katreven-dis (90) jou pou mwen re-aplike pou sèvis gad timoun.

| DEKLARASYON DIVILGASYON |
| --- |
| Kòd Indiana Seksyon 35-43-5-4 Fwòd – Fè Fwòd Kont Kreditè<br>(a) Yon moun ki: (1) avèk entansyon jwenn pwopriyete oubyen done, oubyen yon benefis edikatif, gouvènmantal, oubyen travay moun nan pa gen dwa ak li a, avèk tout konesans oswa entansyonèl: (A) fè yon deklarasyon ki fo oubyen twonpe; oubyen (B) kreye fo enpresyon nan yon lòt moun; (2) avèk entansyon fè yon lòt moun jwenn pwopriyete, avèk tout konesans oswa entansyonèl: (A) fè yon deklarasyon ki fo oubyen twonpe; (B) kreye fo enpresyon nan yon twazyèm moun; oubyen (C) fè li prezante ak yon reklamasyon ki (i) genyen yon deklarasyon ki fo oswa twonpe; oubyen (ii) kreye enpresyon ki fo oswa twonpe nan yon twazyèm moun; (3) posede, fabrike, itilize, oswa modifye yon dokiman, enstriman, lojisyèl, oubyen aparèy avèk entansyon jwenn: (A) pwopriyete; (B) done; oubyen (C) yon benefis edikatif, gouvènmantal, oswa travay; ke moun nan pa gen dwa ak li; oubyen (4) avèk tout konesans oswa entansyonèlman angaje nan yon konplè oswa atifis pou komèt yon ofrans ki dekri nan soudivizyon (1) rive (3); komèt fwòd, yon krim minè Klas A sòf jan sa otreman founi nan seksyon sa a.<br><br>(b) Ofrans lan ki dekri nan souseksyon (a) se yon krim majè Nivo 6 si youn (1) nan swivi oubyen plis aplikab: (1) Ofrans lan fèt pa pita pase sèt (7) ane depi dat moun nan: (A) te kondane pou yon konviksyon anvan ki pa lye pou yon ofrans anba atik sa a; oubyen (B) te lage nan yon tèm anprizònman, pwobasyon, oswa pawòl (sa ki fèt an dènye a) ki te enpoze pou yon konviksyon anvan ki pa lye pou yon ofrans anba atik sa a; sa ki fèt an dènye a. (2) Pèt lajan an se omwens sèt san senkant dola ($750) men pi piti pase senkant mil dola ($50,000). (3) Viktim lan: (A) yon adilt ki an danje (jan sa defini nan IC 12-10-3-2(a)); oubyen (B) gen laj pi piti pase dizuit (18) lane. (4) Moun nan fè yon deklarasyon ki fo oswa twonpe ki reprezante yon antite kòm: (A) yon antrepriz biznis defavorize (jan sa defini nan IC 5-16-6.5-1); oubyen (B) yon antrepriz biznis ki pou fanm (jan sa defini nan IC 5-16-6.5-3); pou kalifye pou sètifikasyon kòm yon antrepriz konsa anba yon pwogram ki fèt pa yon ajans piblik (jan sa defini nan IC 5-16-6.5-2) ki deziyen pou li asiste antrepriz biznis defavorize oubyen antrepriz biznis ki pou fanm jwenn kontra avèk ajans piblik pou pwovizyon byen ak sèvis. (5) Moun nan fè yon deklarasyon ki fo oswa twonpe ki reprezante yon antite moun nan pral fè sou-kontra avèk li konplètman oswa pati nan yon kontra avèk yon ajans piblik (jan sa defini nan IC 5-16-6.5-2) kòm: (A) yon antrepriz biznis defavorize (jan sa defini nan IC 5-16-6.5-1); oubyen (B) yon antrepriz biznis pou fanm (jan sa defini nan IC 5-16-6.5-3); pou kalifye pou sètifikasyon kòm yon soumisyonè elijib anba yon pwogram ki fèt pa yon ajans piblik ki fèt pou li asiste antrepriz biznis defavorize oubyen antrepriz biznis pou fanm jwenn kontra avèk ajans piblik pou pwovizyon byen ak sèvis. (6) Ofrans lan fèt pa yon moun ki nan prizon nan: (A) depatman koreksyon an; (B) yon prizon konte; oubyen (C) yon prizon jivenil. (7) Dokiman an oubyen enstriman moun nan posede, fabrike, itilize, oswa modifye a se yon dokiman oubyen enstriman: (A) emèt pa yon sèvitè piblik oubyen antite gouvènmantal; (B) ki te fabrike oswa modifye pou li parèt kòm li te emèt pa yon sèvitè piblik oubyen antite gouvènmantal; oubyen (C) moun nan te soumisyone ak, oubyen gen entansyon soumisyone ak yon sèvitè piblik oubyen antite gouvènmantal. (8) Sòf pou jan nou fè pwovizyon pou sa nan souseksyon (e), moun nan: (A) te fè yon deklarasyon ki fo oswa twonpe; oubyen (B) te kreye fo enpresyon nan yon lòt moun; sou oswa pa mwayen yon dokiman oswa enstriman alekri. (9) Akò a pa rezonab. (10) Ofrans lan enplike materyèl repwodiktif imen (jan sa defini nan IC 34-24-5-1).<br><br>(c) Ofrans lan ki dekri nan souseksyon (a) se yon krim majè Nivo 5 si youn (1) nan swivi yo oswa plis aplikab: (1) Pèt lajan an se pi plis pase senkant mil dola ($50,000) epi pi piti pase san mil dola ($100,000). (2) Pèt lajan an se pi plis pase sèt san senkant dola ($750) epi pi piti pase senkant mil dola ($50,000) epi viktim nan se: (A) yon adilt I an danje (jan sa defini nan IC 12-10-3-2(a)); oubyen (B) pi piti pase laj dizuit (18) lane. (3) Viktim nan te yon enstitisyon finansye. (d) Ofrans lan ki dekri nan souseksyon (a) se yon krim majè Nivo 4 si youn (1) nan swivi yo oswa plis aplikab: (1) Pèt lajan an se pi plis pase san mil dola ($100,000). (2) Pèt lajan an se pi plis pase senkant mil dola ($50,000) epi viktim nan se: (A) yon adilt ki an danje (jan sa defini nan IC 12-10-3-2(a)); oubyen (B) pi piti pase laj dizuit (18) lane. (e) Ofrans lan ki dekri nan souseksyon (b)(8) se yon krim minè Klas A si defandan an pwouve avèk preponderans evidans konsa: (1) valè pwopriyete a, done yo, oubyen benefis li te gen entansyon jwenn nan; epi (2) vre pèt lajan an; pi piti pase sèt san senkant dola ($750). |

Mwen te li ak konprann Sanksyon yo pou Falsifye Enfòmasyon, jan sa enprime nan aplikasyon sa a. Mwen konprann tout omisyon, move reprezantasyon, oswa falsifikasyon entansyonèl pou nenpòt enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a oubyen nenpòt kominikasyon ki bay Administrasyon Sèvis Fanmi ak Sèvis/Biwo Aprantisaj Timoun Piti ak An Deyò Lekòl la enfòmasyon, oubyen nenpòt modifikasyon entansyonèl de nenpòt tèks ki sou fòmilè aplikasyon sa a, kapab pini avèk sanksyon kriminèl, sivil, oswa administratif ki enkli, men pa limite a, refi oubyen revokasyon benefis CCDF, ak/oswa enpozisyon amann, dedonmajman sivil, ak/oswa anprizònman.

| Siyati demandè a | Non ekri an lèt blòk | Dat *(mwa, jou, ane)* |
| --- | --- | --- |
| | | |

| NÒT POU BAY BIWO ELIJIBILITE W |
| --- |
| |
| |
| |
| |
| |
| |
| |
| |
| |
| |